

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Dina ieu bab III métode panalungtikan medar (1) desain panalungtikan, (2) sumber data, (3) téhnik panalungtikan, (4) instrumén panalungtikan, jeung (5) téhnik analisis data.

3.1 Desain Panalungtikan


Nurutkeun Arikunto (2010, kc.22-23), desain panalungtikan nyaéta proses anu dirarancang pikeun ngajawab atawa ngajéntrékeun sababaraha masalah panalungtikan. Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif sabab medar pasualan-pasualan basa dina kahirupan sosial (hususna dina media sosial) nu patali jeung kekecapan, tata basa, sarta makna. Nurutkeun Moleong (2014, kc. 6) pamarekan kualitatif nyaéta panalungtikan nu digunakeun pikeun maham kana hiji kajadian atawa fénoména ngeunaan persepsi, motivasi, tindakan, sacara holistik (teu bisa dipisahkeun) tur ngadéskripsikeun wujud kekecapan jeung basa, dina hiji kontéks nu alamiah tur ngamangpaatkeun sawatara métode alamiah. Cindekna pamarekan kualitatif téh nyaéta pamarekan nu digunakeun pikeun maham hiji pasualan tur pikeun ngadéskripsikeun sacara alamiah tur teu bisa dipisahkeun.

Métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta métode déskriptif, ieu métode téh pikeun ngadéskripsikeun fakta-fakta tur sipat sipat campur kode anu utamana wanda jeung wujud campur kode nu aya dina vidéo youtube vlog akun Fiksi sacara sistematis jeung faktual.

Ngaliwatan ieu métode sangkan panalungtik bisa ngadéskripsikeun data-data anu dikumpulkeun dumasar hasil analisis nepi ka nyieun kacindekan tina ieu panalungtikan.

Ieu panalungtikan téh disusun dumasar kana léngkah-léngkah: (1) nangtukeun masalah, (2) studi pendahuluan, (3) ngawatesanan jeung ngarumuskeun masalah, (4) ngarumuskeun anggapan dasar, (5) nangtukeun sumber data, (6) nangtukeun jeung nyusun instrument, (7) ngumpulkeun data, (8) analisis data, (9) nyieun kacindekan, (10) nyusun laporan. (Arikunto, 2010, kc. 22–23)

Dumasar kana léngkah-léngkah anu ditétélakeun ku Arikunto di luhur, di gambarkeun desain panalungtikan sangkan panalungtikan lumangsung sacara sistematis, nyaéta dimimitian ku nongton vidéo *youtube vlog* akun Fiksi maké alat éléktronik pikeun nongtonna, tuluy ditranskripkeun sangkan jadi wangun tinulis, gejala campur kode anu muncul dituliskeun dina kartu data, ngklasifikasikeun data campur kode dumasar wanda jeung wujud campur kode, data campur kode dianalisis jeung diolah, data campur kode anu geus dianalisis tuluy didéskripsikeun, jeung nyieun kacindekan. Desain panalungtikan bisa ditingali ieu bagan di handap.



Bagan 2.2 Desain Panalungtikan

3.2 Sumber Data Panalungtikan

Unggal panalungtikan tangtuna kudu aya objék anu jadi sumber panalungtikan. Nurutkeun Wahidmurni (2017, kc.8) sumber data nyoko kana asal data panalungtikan anu nyampak tur dikumpulkeun ku panalungtikna sorangan. Dumasar kana judul panalungtikan, anu jadi sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta transkrip *vlog* dina akun *youtube* Fiksi. Sedengkeun data anu ditalungtik nyaéta 14 vidéo *youtube vlog* akun Fiksi.

Data dina ieu panalungtikan nyaéta *vlog* anu diapungkeun ku akun *youtube* Fiksi taun 2019 nepi ka taun 2020. Akun *youtube* Fiksi téh salasihiji akun *youtube* nu ngaggunakeun kontén basa Sunda. *Subscriberna* ogé geus nepi ka 1,13 juta. Data anu ditranskripkeun téh aya 14 judul *vlog* akun Fiksi, sangkan leuwih jélas titétan tabél di handap.

Tabél 3.1 Transkripsi Vlog Akun Fiksi

No	Judul vlog	Waktu diapungkeun	Durasi
1.	DI AJAK MAEN FILM YOWIS BEN 2	12/03/2019	13.08
2.	URANG SUNDA MEUNANG SILVER BUTTON	13/03/2019	10.11
3.	PEMBUKTIAN LENGSER WENGI	04/04/2019	20.35
4.	BORANGAN PART# 2	07/04/2019	24.49
5.	CALON PAPA MUDA	10/04/2019	10.37
6.	DI BALIK LAYAR - UNTUKMU FT INSAN AOI	15/04/2019	7.48

No	Judul vlog	Waktu diapungkeun	Durasi
7.	CATATAN SI KAKANG	26/04/ 2019	10.13
8.	GARELO- DI BALIK LAYAR CRAWLING FT.AOI	09/08/ 2019	11.29
9.	PERNAH ALAY PADA MASANYA-JIJK PISAN	31/08/2019	15.28
10.	MOAL MUNDUR AH BOSEN	20/10/ 2019	11.54
11.	URANG PASAR / FESTIVAL RAKYAT JUARA JAWA BARAT	20/12/2019	14.31
12.	NYIEUN VIDEO KLIP BARENG SUBSCRIBER	16 /01/2020	7.55
13.	URANG SUNDA ULIN BARENG SUBSCRIBER TOUR JABAR #1 MAJALENGKA	22/02/2020	32.21
14.	GARA-GARA SIKORONA	21/05/ 2020	6.34

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa léngkah dina ngumpulkeun data sangkan bisa ngahasilkeun data. Téhnik ngumpulkeun data anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik studi dokuméntasi. Téhnik studi dokuméntasi nyaéta téhnik ngumpulkeun data kucara ngumpulkeun jeung nganalisis dokumén, boh dokumén tinulis, dokumén gambar atawa éléktronik. (Iskandar 2009, kc. 205), Ari léngkah-léngkah ngumpulkeun data dilaksanakeun ngaliwatan léngkah-léngkah saperti dihandap.

- a. Panalungtik muka tautan *youtube*;
- b. Muka vidéo *youtube vlog* akun Fiksi ti taun 2019 nepi ka 2020 ;
- c. Ngatranskripsikeun data vidéo *youtube vlog* akun Fiksi tina wangun lisan kana wangun tulisan; jeung
- d. Nyalin data campur kode tina hasil transkrip kana kartu data.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén mangrupa salasahiji komponén penting dina panalungtikan pikeun ngumpulkeun data anu diperlukeun. Dina instrumén kualitatif, nu jadi instrumén atawa alat panalungtikan nyaéta panalungtikna sorangan (Sugiyono, 2017, kc. 222). Ieu alat kudu dipilih luyu jeung jenis data nu dipikahayang. Instrumén salaku alat pikeun ngumpulkeun data, dina hakékatna mah pikeun ngukur variabel panalungtikan. Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun mikanyaho kumaha lumangsungna campur kode dina vidéo *youtube vlog* akun Fiksi. Ku kituna, instrumén anu dipaké dina panalungtikan nyaéta alat transkripsi jeung kartu data. Transkripsi nyaéta mindahkeun omongan nu ngawujud sora kana wangun tulisan. Alat transkripsi dina ieu panalungtikan ngawengku laptop, *handphone*, *earphone* jeung lembar transkripsi. Kartu data dipaké pikeun klasifikasi jeung déskripsi data. Dina kartu data aya kode data, prosés campur kode, kalimah, wanda campur kode jeung wujud campur kode.

Nomer Kode Data :

Kalimah ka:

Transkrip ka:

Nomer Data:

Unsur Campur Kode :

Kalimah :

Wanda CK :

Nomer Kode Data : (CPM/05/01/96)

Kalimah ka: 05

Transkrip ka: 01

Nomer data: 96

Unsur Campur Kode : *8 X trade adalah platfrom, asét-asét, atau pasangan mata uang*

Kalimah : *8 X trade adalah platfrom* dimana maranéh bisa untung ti *asét-asét, ciga emas saham atau pasangan mata uang*

Wanda CK : CKkJ

Wujud CK : CKKS

Keterangan :

CPM : Calon Papah Muda

05: Transkrip ka

01: Kalimah ka

96: Nomer data

CK : Campur Kode

CKKJ : Campur Kode ka Jero

CKKS : Campur Kode Kecap Salancar.

Tabél 3. 2 Data Campur Kode BS-BI/BA

Nomer Data	Data Kalimah	Unsur BI/BA
(001)	<i>“8 X trade adalah platfrom dimana maranéh bisa untung ti asét-asét, ciga emas saham atau pasangan mata uang” (CPM/05/01/96)</i>	<i>8 X trade adalah platfrom asét-asét atau pasangan mata uang</i>

Keterangan :

CPM : Calon Papah Muda

05: Transkrip ka

01: Kalimah ka

96: Nomer data

CK : Campur Kode

BS: Basa Sunda

BI : Basa Indonésia

BA : Basa Asing

Astri Khairun Nissa Destriani, 2021

CAMPUR KODE DINA VIDÉO YOUTUBE VLOG AKUN FIKSI

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tabél 3.3 Papasingan Wanda Campur Kode

Nomer Data	Data Kalimah	Unsur BI/BA	Wanda Campur Kode	
			kJ	kL
(001)	Urang orang kampung teu nanaon lah nu penting teu kampungan urang dék ulin ka salasihiji tempat wisata nu aya di majalengka hayang apal kamana hayu lanjut 1.3(YF/180118/1)	Lanjut	√	
(020)	téh Susan nonton vidio ieu kirim alamatna ku urang béré bawang heueuh sakarung mah pokona mah nuhun pisan i love you Susan 2.13	- <i>I love you</i>		√

Keterangan:

(01): Nomer Data

(02): Nomer Data

@YF : youtube Fiksi

180118: (18) tanggal, (01) bulan, (18) taun diapungkeunana

1 : Nomer Campur Kode

KJ : Ka Jero

KL : Ka Luar

Tabél 3.4 Papasingan Wujud Campur Kode

Nomer Data	Data Kalimah Campur Kode	Unsur BI/BA	Wujud Campur Kode					
			K	F	R	B	I	Kla
(004)	nya kalo bébas kalo libur téh kesini 1.7(@TPAM/10/01/18/4)	- <i>kalo</i> <i>libur</i> <i>- kesini</i>		√				
(021)	urang bener bener atoh pisan dan ahirna ieu anu urang tunggu-tunggu taraa yéé hiji dua tilu yééhéé alhamdulillah yallah hatur nuhun pisan luar biasa heeh ieu berkat maraneh kabéh berkat kalian semua urang bisa meunangkeun ieu luar biasa 2.13	- <i>berkat</i> <i>kalian</i> <i>semua</i>	√					√

Keterangan :

K: Kecap

F: Frasa

R: Rajékan
B: Baster
I: Idiom
Kla: Klausua

3.6 Téhnik Analisis Data

Dina ieu panalungtikan, téhnik nganalisis data nu digunakeun nyaéta téhnik analisis unsur langsung (*immediate constituent (IC) analysis*). Téhnik analisis unsur langsung (*immediate constituent (IC) analysis*) nyaéta anu nitetan unsur-unsur basa anu langsung tur ngawangun unsur saluhureunana (Hockett, dina Sudaryat, 2014, kc. 58). Data diolah ngaliwatan sababara léngkah-léngkah ieu di handap:

- a. Niténan deui data campur kode anu geus dikumpulkeun;
- b. Nyieun papasingan data dumasar wanda campur kode;
- c. Nyieun papasingan data dumasar wujud campur kode;
- d. Nganalisis campur kode dina tataran morfologis jeung sintaksis;
- e. Ngadeskripsikeun campur kode; jeung
- f. Nyieun tafsiran jeung kacindekan tina hasil ngolah data.